



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU JWENN NOUVO
VAKKSYON KONT COVID-19 PANDAN ELÈV YO AP RETOUNEN LEKÒL EPI
SEZON MALADI RESPIRATWA KÒMANSE**

*Gouvènè a ak Komisè Sante Eta a ogmante aksè aK vaksen COVID-19 2024-2025
pou tout Nouyòkè ki elijib san yo pa bezwen yon preskripsyon*

*CDC rekòmande nouvo vaksen COVID-19 pou tout Nouyòkè ki gen 6 mwa ak plis
ki gen de mwa depi yo te pran dènye vaksen yo*

*Nou ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran vaksen anyèl kont grip yo epi pou yo
poze founisè yo kesyon sou vaksen RSV a ki disponib kounye a nan pifò famasi
yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo vaksen COVID-19 pou sezon 2024-2025 la disponib kounye a nan Eta New York. Gouvènè a te ankouraje tout Nouyòkè ki elijib yo — espesyalman moun ki gen 65 ane oswa plis, ki gen risk pou yo gen COVID-19 sevè, oswa ki pa t janm resevwa yon vaksen COVID-19 — pou yo pran vaksen an pandan elèv yo ap retounen lekòl, epi anvan yo sezon maladi respiratwa. Gouvènè a ak Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald te anonse tou òdonans permanent Komisè a ki pèmèt tout Nouyòkè ki elijib yo resevwa nouvo vaksen COVID-19 nan nenpòt famasi nan Eta New York san yon preskripsyon ki soti nan men founisè swen sante endividyèl yo.

"Kounye a se moman pou w pran nouvo vaksen COVID-19 la pou ede pwoteje fanmi w ak kominote w la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm nan ane ki sot pase yo, n ap mete sante an premye epi n ap rann li fasil pou tout Nouyòkè ki kalifye yo pran nouvo vaksen an nan nenpòt famasi atravè eta a."

Vaksen COVID-19 2024-2025 yo disponib kounye a apre dènye apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou vaksen Pfizer, Moderna ak Novavax. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi te anonse Vandredi ke yo ap voye vaksen bay founisè swen sante ak famasi yo. Pi gwo famasi an detay, tankou CVS ak Walgreens, ap pran randevou kounye a epi kèk kote yo ka aksepte vizit san randevou.

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Pran yon vaksen kont COVID-19 se pwoteksyon ki pi efikas kont ospitalizasyon oswa kont soufri yon COVID ki Long, kidonk mwen ankouraje yon lòt fwa ankò tout moun ki kalifye yo pou priyore sante yo epi pran vaksen an. Pandan n ap antre nan sezon otòn la, lè viris respiratwa sikile, Nouyòkè yo ta dwe pran vaksen an pou pwoteje tèt yo kont COVID-19 pou yo ka riske mwens epi viv byen."

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande vaksen 2024-2025 pou COVID-19 pou tout moun ki gen 6 mwa oswa plis ki pa te resevwa yon vaksen COVID-19 nan de mwa ki sot pase yo pou pwoteje kont maladi ki kapab grav ki soti nan COVID-19. Dòz rekòmande ak orè a varye selon laj, sitiyasyon iminitè ak istwa vaksen COVID-19.

Dapre [Lwa sou Swen Abòdab](#) (Affordable Care Act) la, pifò plan asirans sante prive, Medicare ak Medicaid kouvri depans vaksen COVID-19 san yo pa bezwen ko-peman lè yo resevwa yo nan men yon founisè oswa nan yon famasi ki nan rezo a. Moun ki pa gen asirans, oswa ki gen asirans ki pa kouvri vaksen ki ajou a, pral gen aksè ak vaksen yo gratis atravè sant sante kominotè oswa depatman sante lokal k ap patisipe nan [pwogram Vaksen pou Adilt Depatman Sante Eta New York la](#).

Biwo pou Granmoun Aje (Office of Aging) ak Swen Alontèm (Long-Term Care, LTC) Depatman Sante a ak Biwo Sante Piblik la te pran plizyè mezi pou pwoteje rezidan etablisman swen alontèm (LTC) ak anplwaye yo lè yo repete enpòtans vaksinasyon pou tout rezidan ak swen sante ki bay konsantman. pèsònèl, ansanm ak mete an aplikasyon kontwòl enfeksyon ak mezi prevansyon yo.

Depatman an ankouraje tou etablisman LTC pou bay rezidan yo vaksen kont grip ak RSV anplis vaksen COVID-19 ki ajou. Sa yo se twa vaksen separe. [Konfòm ak direktiv CDC yo, li an sekirite pou pran touletwa vaksen yo an menm tan](#).

Yo ankouraje piblik la an jeneral pou mande founisè swen sante yo pou yo resevwa lòt vaksen yo ka elijib pou yo, tankou grip ak RSV.

Wadsworth Center Depatman an kontinye estrateji enpòtan siveyans dlo ize yo, ki fèt ak patnè nan Syracuse University ak lòt moun atravè Eta a, ansanm ak sekans espesimèn klinik yo, pou konprann pwopagasyon varyant ak enpak potansyèl sou sante piblik. [Siveyans dlo ize kounye a](#) endike tou yon diminisyon nan dominans viris la.

Grip, RSV ak COVID-19 se enfeksyon viral respiratwa ki kontajye, ki ka gen sentòm ki sanble, sa ki fè li difisil pou fè distenksyon ant twa maladi yo. Moun ki gen kondisyon kwonik, tankou sa ki afekte poumon yo ak kè, timoun piti, popilasyon granmoun aje yo ak moun ki ansent yo, gen yon pi gwo risk pou yo devlope konplikasyon grav ki soti nan grip, COVID-19 ak RSV.

Ou ka jwenn dènye repons New York pou COVID-19 [isit la](#).

Kote pou w jwenn vaksen COVID-19, grip ak RSV nan zòn ou an [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)